

Ou gen REAL ID?

REAL ID se règ ak prensipa Depatman Sekirite Teritwa pou amelyore onètete ak sekirite lisans chofè ak kat ID eta a bay. Règ ak prensip yo ap ede batay kont teworis ak redwi fwod. Lisans ak kat ID dapre REAL ID gen yon sèl etwal dore nan kwen dwat anwo.

Kondisyon Real ID : Ou dwe fèl an pèsòn e fòk ou pote dokiman idantite espesifik ki pou pwouve kote ou fèt, nimewo sekirite sosyal, ak adrès kay ou. Lis wap jwen pli ba an gen dokiman ke yo plis kon itilize yo.
Dat limit pou konfòmite se, 1 oktòb 2020.

Tcheke tan pou tann nan oswa pran yon randevou sou sitwèb nou. Voye tèks "waitpbc" ba 41411 pou tan pou tann nan moman ak kantite kliyan nan liy. Ou ka peye tarif nòmal pou mesaj.

1. Idantifikasyon: Ameriken

- Pote **yon:** (orijinal oswa kopi sètifye) {
- Batistè Ameriken Sètifye (pa batistè lopital bay)
 - Paspò ameriken ki gen non ke wap itilize aktyèlman an
 - Sètifika natiralizasyon
 - Prèv konsilè nesans aletranje

Lòt dokiman obligatwa si ou chanje non ou legalman.

- Paspò ameriken ki gen non ke wap itilize aktyèlman an **OSWA**
- Orijinal oswa kopi sètifye **tout** papyè maryaj oswa lòd tribinal ki montre chanjman non ou (fotokopi ki pa sètifye pa valab)

2. Nimewo Sekirite Sosyal

- Pote **yon** orijinal: {
- Kad Sekirite Sosyal
 - Fòm W-2
 - Souch chèk peman ki montre nimewo Sekirite Sosyal
 - Fòm 1099

3. Adrès kay (pa bwat postal)

- Pote **de:** (Sonje, toulède dokiman sa yo fèt pou gen non ou.) {
- Papyè kay, ipotèk, tiliv peman, oswa kontra lokasyon
 - Anrejistreman oswa tit veyikil Florid (mande yon diplikata nan www.pbctax.com) Bòdwo sèvis oswa bòn/bon pou travay
 - Kourye enstitisyon finansye tankou etadkont kont-kouran, kont-depay, oswa envestisman
 - Kat Anrejistreman Elektè Florid
 - Dènje kontra oswa bòdwo asirans machin
 - Si ou a bite ak you moun pote prèv adrès lakey yo epi ranpli fòm ki sètifye adrès la



Imigran, Non-Imigran ak Kanadyen ka ale nan sit wèb www.pbctax.com pou yon lis dokiman idantifikasyon ki akseptab.

Revised 6-10-2015



ANNE M. GANNON
CONSTITUTIONAL TAX COLLECTOR
Serving Palm Beach County

Serving you.

www.pbctax.com

Fason pou Jwenn Bon Dokiman.

Kote pou jwenn yon Batistè

Biwo Estatistik Vital Depatman Sante Konte Palm Beach

800 Clematis Street, 1 Etaj, West Palm Beach, FL 33401
Lendi - Vandredi 8 di maten - 4:30 pm
(561) 837-5847 | www.pbchd.com/vitals/birth_death.html

Sant sèvis Biwo Pèseptè Taks Konstitisyonèl

Lendi - Vandredi 8:15 di maten - 5:00 pm
www.pbctax.com/locations

Biwo Estatistik Vital Depatman Sante Florid

P.O. Box 210, Jacksonville, FL 32231
(904) 359-6900 | www.floridashealth.com

Vitalchek.com

(rekòmmande konpayi pou achte anliy sou sit wèb Dept. Sante PBC)
Sit pou kontakte sèlman: www.vitalchek.com

Kote pou jwenn yon kopi yon Sètifika Maryaj/Divòs

Sharon R. Bock

Grefye & Kontwolè, Palm Beach County

205 N. Dixie Highway, Rm 42500, West Palm Beach, FL 33401
Lendi - Vandredi 8 di maten - 5 pm | (561) 355-2986 | www.mypalmbeachclerk.com

Vitalchek.com

Sit pou kontakte sèlman: www.vitalchek.com

Kote pou jwenn yon Kat Sekirite Sosyal

Biwo Sekirite Sosyal

1-800-772-1213
www.socialsecurity.gov